

**VIL NEW YORK**  
**BIWO OPERASYON MAJISTRA A ak**  
**DEPATMAN PLANIFIKASYON VIL NYC A**  
**AVI ODYANS PIBLIK ak PERYÒD KÒMANTÈ sou**  
**FÒMILASYON PLAN AKSYON ANYÈL yo PWOPAZE POU ANE 2024 LA**

POU TOUT AJANS, KONSÈY KOMINOTÈ, GWOUP, ANSANM AK MOUN KI ENTERESE YO:

Konfòmman ak règleman 24 CFR 91.105 ki nan Plan Konsolide Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini a (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) konsènan patisipasyon sitwayen, Biwo Operasyon Majistra a (Mayor's Office of Operations), ansanm ak ajans ki responsab pou aplike *Plan Aksyon Anyèl* (Annual Action Plan) New York la te rive pwograme yon:

Yon odyans an pèsòn ak vityèl **Jedi 4 Avril soti 6:00-7:00 pm** pou Fòmilasyon Plan Anyèl yo Pwopaze Pou Ane 2024 la. Peryòd Kòmantè Piblik ki dire 30 jou konsènan Fòmilasyon Plan Aksyon Anyèl yo Pwopaze pou ane 2024 la se pou **jedi 14 mas 2024 – Samdi 12 avril 2024**.

**Ou kapab patisipe nan odyans lan swa an pèsòn oswa defason vityèl.**

**Depatman Planifikasyon Vil la (The Department of City Planning) envite w nan yon reyinyon ki pwograme sou Zoom**

Webinar ID: 841 9285 7219

Lyen ZOOM pou patisipasyon Piblik la:

<https://us06web.zoom.us/j/84192857219?pwd=BKDobSSaDNKRbPKvsLb91BrG0qcaXD.1>

**Depatman Planifikasyon Vil la ap envite w nan yon reyinyon ki pwograme an pèsòn**

NYC City Planning Commission Hearing Room,  
Lower Concourse, 120 Broadway, Manhattan.

Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUB) Etazini an egzije *Plan Aksyon Anyèl* yo Pwopaze a. Li konsolide egzijans lejislatif Estrateji Global pou Aksesibilite nan Lojman ki nan Lwa Cranston-Gonzalez (Cranston-Gonzalez Housing Act) sou Lojman an, ansanm ak aplikasyon anyèl Vil la pou pwogram admisibilite Biwo Planifikasyon ak Devlopman Kominotè a (Office of Community Planning and Development): Sibvansyon Blòk pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG), Patenarya Envestisman HOME, Sibvansyon pou Solisyon ann Ijans (Emergency Solutions Grant, ESG), ansanm ak Opòtinite Lojman pou Moun ki gen SIDA (Housing Opportunities for Persons with AID, HOPWA).

Plan Aksyon yo Pwopaze a pa sèlman sèvi aplikasyon pou finansman pou Vil la, men li sèvi aplikasyon pou sibvansyon HOPWA pou Zòn Estatistik Metwopoliten HOPWA New York ki Elijib la (HOPWA EMSA). HOPWA EMSA pral gen ladan l senk awondisman ki fè pati Vil New York, ansanm ak twa konte nan nò eta New York (Westchester, Rockland ak Putnam).

Yo te pwograme Odyans Piblik la pou yo kapab jwenn kòmantè sou fòmilasyon plan an ak sou fason Vil la itilize fon federal yo pou l reponn ak bezwen lojman, sèvis pou moun ki sanzabri yo, sèvis pou sipò

lojman, ansanm ak bezwen devlopman kominotè yo, pwomosyon pozitif pou lojman ekitab, ansanm ak devlopman aktivite yo pwopoze yo. Epitou, reprezantan ajans yo ka resevwa kòmantè sou fason Vil la jere aktivite Plan Konsolide yo pandan ane 2022 an. Pou w kapab gen aksè ak plan sa a, tanpri, ale sou paj nou an nan: <https://www.nyc.gov/site/operations/projects/consolidated-plan-annual-performance-reports.page>

Pou Ane Fiskal Federal (Federal Fiscal Year, FFY) 2023 a, Vil la te resevwa nan men HUD **\$310,374,179** pou kat pwogram sibvansyon selon fòmil HUB la: **\$169,345,195** pou CDBG; **\$80,485,864** pou HOME; **\$45,930,651** pou HOPWA; ak **\$14,612,469** pou ESG, nan lòd yo mansyone a. Kongrè a poko adopte Pwojè Lalwa sou Kredi HUB pou FFY 2024 la. Se poutèt sa yo rete pou yo detèmine montan sibvansyon reyèl ke Vil la pral resevwa pou ane 2024 la.

Kesyon ak kòmantè konsènan *Plan Aksyon Anyèl 2024* ki pwopoze pou Vil New York la ta dwe voye bay Lisa Rambaran, Jesyonè Pwogram Plan Konsolide Vil New York la, [conplannyc@cityhall.nyc.gov](mailto:conplannyc@cityhall.nyc.gov) oswa Mayor's Office of Operations, **253 Broadway 10<sup>th</sup> Floor, New York, New York 10007**.

Tanpri, fè Depatman Planifikasyon Vil NYC a konnen si w bezwen yon aranjman ki rezonab, tankou men ki pa sèlman gen ladan, sèvis entèpretarya nan lang siy, pou w kapab patisipe nan odyans piblik la. Y ap founi sèvis entèpretarya nan lang etranje toudepannde resous ki disponib yo: Tanpri, voye demann yo pa imèl nan [accessibilityinfo@planning.nyc.gov](mailto:accessibilityinfo@planning.nyc.gov) oswa rele 212-720-3508 omwen senk jou ouvrab avan odyans lan oswa voye imèl bay Plan Konsolide a, [conplannyc@cityhall.nyc.gov](mailto:conplannyc@cityhall.nyc.gov).

Vil New York: Eric Adams, Majistra  
Dan Steinberg, Direktè, Biwo Operasyon Majistra a

Dat: 7 mas 2024